

Yon kabrit, yon chen ak
yon bèf



✎ Fabian Wakholi!

👤 Marleen Visser, Ingrid Schechter

📧 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

|| 2

🗣️ krèyol ayisyen [ht]



Global Storybooks


globalstorybooks.net

**Yon kabrit, yon chen ak yon
bèf**

✎ Fabian Wakholi!

👤 Marleen Visser, Ingrid Schechter

📧 ACE Haiti-University of Notre Dame USA



This work is licensed under a Creative Commons

[Attribution 3.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/3.0)

<https://creativecommons.org/licenses/by/3.0>






Yon kabrit, yon chen ak yon bèf
te bon zanmi. Yon jou yo pran
yon taksi pou yal flannen.

Lè yo rive kote yo prale, chofè a
mande yo peye pri transpò an.
Bèf la peye transpò pa li.





Chen an peye yon ti kras anplis paske li pat gen lajan egzat lan.



Bèf lan li menm pa gen pwoblèm lè li wè yon machin. Li pran tan li pou li travèse lari a kè pòpòz paske li konnen ke li peye tout pri transpò a.



5

Lè chofè an ta pral remèt li nan
lajan an li wè kabrit lan ki
tonbe kouri san li pa peye.



8

Kabrit lan kouri sove chak fwa li
wè yon machin. Li pè pou l pa
ale nan prizon akòz lajan li dve
an.



Chofè an pat kontan ditou. Li pati san li pa remèt chen an rest lajan an.



Se pou sa a, jis jounen jodya a chen an kouri deyè chak machin li wè paske lap chache chofè a ki dwe li yon lajan.